

Ishikanwa ry'umupfakazi

- 15th story -



97Page

Uwuvuga Umusi umwe, Yesu n'abigishwa biwe bagendera urusengero hanyuma bicara baraba naho n'ahashirwa amashikanwa bitegerzea ingene ishengero rishikana amahera mu kigega c'urusengero. Muri iryo shengero hari umtunzi yariko arageza imbere yishimye.

Umutunzi Ahem, ah~ biraremeye~~

Uwuvuga Wa mutunzi yugurura isaho yiwe, akurayo yerekana kugira bose bayabone. Aca ahitana umukama w'ayo mahera ashira mu kigega c'urusengero. Abantu baravugana mu bunyongoshwa babonye uwo mutunzi ashikanye amahera menshi cane mu kigega c'urusengero.

Umuntu wa 1 Ehe, raba urya! Mana, afise amahera menshi~

Umuntu agira 2 Raba aya mashikanwa yose ariko arashira mu kigega c'ishengero~ agakiza kiwe kategerezwa kuba ari kenshi n'ukuri~~

Umuntu wa 1 Uvuze ukuri. Mu vy'ukuri Imana izomuhezagira cane kubw'ishikanwa rinini atanze~~

Uwuvuga Uwo mutunzi arenganye, haza umupfakazi yambaye impunzu zisa nabi arashika imbere imbere y'ikigega c'amashikanwa. Naho hari abantu benshi, nta n'umwe yitayeho kumuraba.

Umupfakazi Ayo niyo mahera yonyene nsigaranye...ariko, ndanezerewe no kuronka ico nshikanira Imana.

Uwuvuga Uwo mupfakazi ashira intete zibiri z'idenariyo mw'isandugu y'urusengero. Iryo shikanwa ryari ringanya agaciro na 200-300 y'ama won yo muri Koreya- make cane.

Bararara(ijwi ry'igiceri gikorotse)

Uwuvuga Abantu bumvise vya biceri bikorokeye mu bubiko bw'urusengero, baratwenga wa mupfakazi.

Umuntu wa 1 Tut. Tut. Kuki ashikanira ubusa nk'ubwo Imana?

Umuntu agira 2 Ategerezwa kuba afise ukwizera guke~



98Page



99Page



100Page



101Page

Umuntu wa 1 Ngiye guca amahera menshi nzotanga ishikanwa rinini nk'urya mutunzi!!

.....

Uwuvuga Hari umuntu yariko aritegereza ivyo vyose. Ego, yari Yesu. Ahamagara abigishwa biwe arababwira:

Yesu Uwu mupfakazi w'umworo atanze ishikanwa rinini cane kuruta uyu mutunzi.

Umwigishwa Ushatse kuvuga iki ga Yesu? Urya mutunzi yatanze ishikanwa rinini ku Mana ariko uyu mupfakazi atanze uducere tubiri gusa tw'idenariyo.

Yesu Umutunzi yatanze mu butunzi bwiwe. Ariko, Uwo mupfakazi we, mu bworo bwiwe, yatanze ishikanwa rinini kuruta urya mutunzi, yatanze vyose- ivyari kumubeshaho.

.....

Uwuvuga Imana ntiraba uko umuntu asa. Ntinaraba n'ishikanwa dutanga ingene ringana. Imana iraba uko urukundo rwacu rungana tuyikunda.